



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LÈT KONJWEN BAY TREZÒ AMERIKEN POU MANDE SOULAJMAN FEDERAL SIPLEMANTÈ NAN LWAYE

Eta New York, California, New Jersey ak Illinois voye [lèt](#) konjwen bay Sekretè Trezò a Janet Yellen ki mete aksan sou bezwen esansyèl pou finansman

Plis pase 85,000 aplikasyon pou asistans lwaye rete san finansman nan New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York ap rejwenn California ak New Jersey pou mande gouvènman federal la pou priorize finansman siplemantè pou soulajman lwaye pou Eta yo ki gen bonkou lokatè ki te fin itilize alokasyon federal inisyal yo a. Jodi a, Gouvènè Hochul, Gouvènè New Jersey Phil Murphy, Gouvènè California Gavin Newsom ak Gouvènè Illinois J.B. Pritzker te voye yon lèt konjwen bay Sekretè Trezò Ameriken an, Janet Yellen, pou enplòre Depatman an pou li re-egzamine metòd li pou redistribiye fon soulajman pou lwaye yo pou kapab pote asistans bay Eta yo kote demann ak ijans pou soulajman an pi plis.

"Depi nan kòmansman administrasyon mwen an, mwen te pwomèt m ap bay soulajman pou lokatè ak mèt kay ki nan difikilte ki te toujou ap rekipere anba pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare**, "Depi lè a, nou te bay plis pase 1.3 milya dola nan soulajman lwaye, te mete disponib 100 milyon dola nan siplemant lwaye, te siyen kòm lwa yon ogmantasyon nan montan kupon lwaye, te envesti 25 milyon dola pou sèvis jiridik gratis pou lokatè yo ak revele yon seri pwopozisyon odasye, reyalizab pou abòde bezwen lojman sistematik yo. Sepandan, reyalite di a sè ke gen twòp Nouyòkè ki bezwen asistans lojman. Nou te desi de kantite fon soulajman siplemantè pou lwaye ki disponib nan Trezò Ameriken pou redistribiye nan New York epi, konsidere pòtay Pwogram Asistans Lwaye Ijans nou an ki deja re-ouvri semèn sa a, m ap mande Trezò a pou revizite pwosesis li a. Li enpòtan pou nou pa bay lokatè ak mèt kay ki gen difikilte yo fo espwa pou soulajman finansye y ap tann lontan lè—san entèvansyon federal—pa gen okenn finansman pou sipòte yo, epi mwen remèsye California, New Jersey ak Illinois dèske yo rejwenn nou nan inisyativ enpòtan sa a".

Gouvènè Murphy te deklare, "Pandemi an te kreye difikilte finansye pou anpil moun atravè eta ak nasyon nou an, men okenn moun pa ta dwe gen pou chwazi ant peye lwaye pou twa ki sou tèt yo a oswa mete manje sou tab la. Finansman federal siplemantè a pral pèmèt nou kontinye sipòte fanmi New York ki travay di yo pandan moman difisil sa yo".

Nan mande finansman siplemantè, Eta yo te mete aksan sou yon bezwen imedya pou akselere redistribisyon anviwon 18 milya dola ki nan finansman ijans san itilize pou ede kenbe fanmi yo estabilize ak loje pami nan mitan vag COVID-19 resan an. Gouvènè yo te endike ke metòd pou repati soulajman lwaye pou Eta yo te baze sou total popilasyon nan Eta a, sa ki pa konsidere kantite lokatè ki gen revni fèb nan chak Eta.

Li tout [lèt la](#).

Eta New York te bay plis pase 1.3 milya dola nan soulajman lwaye, ki bay yon total plis pase 104,000 peman pou mèt kay yo. An total, Eta a te angaje 2 milya dola nan finansman disponib, ki kouvri apeprè 161,000 aplikasyon ak kite apeprè 85,000 san finansman.

Malgre mank finansman an, yo te oblije Eta a te legalman pou li re-ouvri pòtay aplikasyon li an semèn pase a apre yon enjonksyon tribinal. San finansman siplemantè pou sipòte aryere aplikasyon ki egziste yo, Eta a gen risk pou bay Nouyòkè ki nan difikilte yo fo espwa pou soulajman finansye enpòtan ki pa egziste san entèvansyon federal.

Aprè li te fin antre an fonksyon nan fen out, Gouvènè Hochul te travay di pou senplifye ak akselere Pwogram Asistans Lwaye Ijans Eta a — nan elimine etap biwokratik yo pou akselere peman. Eta New York te angaje oswa distribye plis pase 2 milya dola nan asistans lwaye anvan li te fin itilize alokasyon federal li a nan novanm—mwens pase sis mwa apre ouvèti pwogram lan.

Anba direksyon Gouvènè Hochul, Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta a te mande tou 996 milyon dola nan redistribisyon fon ki soti nan Trezò a, ki t ap finanse plizyè dizèn aplikan siplemantè. Nan fen mwa pase a, Trezò a te endike ke New York ap resevwa 27 milyon dola nan redistribisyon inisyal li a—mwens pase 3 pousan demann Eta a ak ase pou finanse anviwon 1,960 aplikasyon.

Komisè Pa Enterim OTDA, Daniel W. Tietz, te deklare, "Apèl opòten Gouvènè a anvè Trezò a reprezante defans kontinyèl ak dinamik nou pou lokatè ak mèt kay ki toujou ap sibi enpak finansye pandemi an. Nan absans fon siplemantè sa yo, nou fè fas ak pèspektiv ensèten kote nou ka pa anmezi pou bay soulajman pou lwaye pou plizyè dizèn milye Nouyòkè k ap eseye siviv nan mitan kriz sante global aktyèl sa a. Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul ak inisyativ pou travay avèk lòt Eta pou ede Trezò a rekonèt bezwen ijans ak imedya pou finansman siplemantè".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)